


Enstriksyon pou Preparasyon Andoskopi Kapsil lan

7 Jou Anvan Randevou Ou an

- Ranpli preskripsyon pou laksatif lan.** Si ou pa genyen l rele navigatè pasyan yo (nimewo an anba).
- Sispann** pran konprime pou fè. Tout lòt medikaman yo **ka** pousuiv.



2 Jou Anvan Randevou Ou an

- Bwè omwen 8 vè dlo/likid jodi an.
- SISPANN manje aliman ki rich ak fib tankou legim ak pwa** jouk apre tès ou an. Ou **ka** manje tout lòt kalite aliman jodi an.

Jou Anvan Randevou Ou an

- TOUT JOUNEN AN JODI AN SUIV YON REJIM STRIK LIKID KI KLÈ. PA MANJE OKENN MANJE OSWA LIKID KI EPÈ DITOU!!** Egzanp likid ki klè yo se: dlo, ji pòm, bouyon (SE PA SOUP KI GEN BAGAY LADAN L) Jell-O, te/kafe **san** lèt/krèm, soda, bwason pou espò, ak baton krèm, men **anyen ki gen koulè wouj.**
- 6 PM** Mete likid laksatif ki melanje an anndan frijidè pou l glase (san glas).
- 8 PM** Bwèmwatye nan Likid Laksatif lan – 1 tas chak 10-15 minit.



Jou Randevou Ou an

- Pa manje oswa bwè anyen** nan maten pwosedè ou an.
- Abiye ak rad ki lach, abiman 2 pyès.
- Si ou gen dyabèt:** Pran mwatye nan dòz ensilin ou an nan jou pwosedè an epi sote konprime pou dyabèt yo amwenske yo di ou yon lòt bagay. Ou ta dwe verifye nivo sik ou an nan maten.
- Pran tout medikaman regilye ou yo** omwen 2 èdtan anvan tès ou an.

Si ou pa ka kenbe randevou sa a tanpri rele 617-638-6525.

Si ou gen nenpòt kesyon tanpri kontakte Navigatè Pasyan yo nan 617-414-2494/617-414-2640

Preparasyon kapsil revize nan 22.3.21